

**PANGARUH MÉDIA VIDEO INSPIRASI PIKEUN NGARONJATKEUN
KAMAMPUH NGADENGEKEUN DI SISWA KELAS V SD.
AL-GHOZALI**

(Panalungtikan *Quasi Ékspérimén* di Kelas V SD Al-Ghozali ngeunaan tematik
Téma 7 Kajadian dina Kahirupan Subtéma 2 Kajadian Kabangsaan Ngeunaan
Proklamasi Kemerdekaan Taun Ajaran 2022-2023)

Ku

Risa Rosyidatul Haya

185060051

Ringkesan

Kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta kurangna kamampuh ngaregepkeun siswa SD Al-Ghozali, Biru, Malajalaya, Bandung, lantaran prosés pangajaran anu masih kénéh museur kana guru, jeung kurangna média anu digunakeun ku guru dina pangajaran. Guru tacan mampuh ngalarapkeun média pangajaran, balukarna kurang kalibet siswa dina prosés pangajaran anu ngabalukarkeun kurangna kamampuh ngaregepkeun siswana. Ku kituna, diperlukeun hiji inovasi anyar dina pangajaran, salah sahijina ku ngagunakeun média video pembelajaran. Sabab dina dasarna siswa bakal leuwih paham lamun carita anu dicaritakeun leuwih nyata. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho pangaruh média vidéo carita inspiratif kana kamampuh ngaregepkeun siswa kelas V SD Al-Ghozali. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta *Quasi Experimental Design*. Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun ngagunakeun tés, observasi jeung dokuméntasi. Tés anu digunakeun dina wangun pretest jeung posttest anu dijadikeun data kamampuh ngaregepkeun siswa. Sampel anu digunakeun nyaéta kelas VA salaku kelas kontrol anu ngagunakeun média pangajaran PPT, jeung VB minangka kelas ékspérimén anu ngagunakeun média pangajaran dina wangun vidéo. Téhnik ngolah data dilaksanakeun ngagunakeun uji déskriptif, uji normalitas, uji homogénitas, uji t, uji ukuran éfék jeung uji N-Gain, ngagunakeun software *IBM SPSS Statistic 25*. Dumasar kana hasil panalungtikan, meunang gambaran ngeunaan kelas anu ngagunakeun video jeung anu ngagunakeun PPT. aya bédana dina kaparigelan ngaregepkeun di éta dua kelas, dipikanyaho ku peunteun dumasar kana uji-t meunangkeun t_{hitung} 6.707, signifikansi 0,00. Nilai signifikansi nuduhkeun $0.00 < 0.05$ sahingga bisa dicindekkeun yén H_0 ditolak jeung H_a ditarima. Hasil uji N-Gain nuduhkeun nilai rata-rata kelas ékspérimén nyaéta 62.3% anu kaasup kana katégori cukup éféktif. Ku kituna, média vidéo carita inspiratif mangaruhan kana kamampuh ngaregepkeun siswa.

Kata Kunci: Média Vidéo Carita Inspiratif, Kaparigelan Ngaregepkeun.